
MEMORANDÒM

POU: Prezidan an ak Manm yo
Komite Lekòl Boston

DE: Natan Kuder
Responsab Finans

SIJÈ: Sibvansyon pou Apwobasyon

DAT: 23 mas 2022

Tanpri resevwa dokiman sibvansyon pou apwobasyon Komite Lekòl la nan dat 23 mas 2022. Kopi konplè pwopozisyon sibvansyon yo disponib pou w revize epi yo depoze yo nan Biwo Sekretè Komite Lekòl la.



SIBVANSYON POU KOMITE LEKÒL

23 mas 2022

Montan	FY	Non Sibvantion an	Estat	Responsab Finansman	Domèn konsantrasyon an (yo)	Lokal yo
\$ 185,900	2022	Sibvansyon VEDÈT	Nouvo	Anthony Beatrice	Syans Atizay ak Syans Imanitè yo	Nan tout distri a
\$ 20,000	2022	Rezilta ki baze sou konpetans nan lòt lang ki pa Anglè	Nouvo	Julie Calderone	Lang Etranje	Lekòl Segondè BPS yo
\$ 41,250	2022	Deziyasyon Pwogram Inovasyon	Nouvo	Lydia Emmoms	Preparasyon pou kolèj ak karyè	Dearborh Stem Academy
\$ 36,500	2022	Pwogram Sèvis Manje pandan ete: Ekspansyon, Aksè, Fòmasyon ak Demaraj	Nouvo	Kelly Thompson	Sèvis Nitrisyon Manje	Nan tout distri a
\$ 600,000	2022	Lòt Pwogram Edikasyon pou Elèv k ap Aprann Anglè	Nouvo	Abdi Ali	Akizisyon Lang Anglè	Nan tout distri a
\$ 883,650		Total				

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL - BPS22592

Non Sibvansyon: Sibvansyon Rezidans VEDÈT Konsèy Kiltirèl Mass 21-22

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Rezidans Patnè Kiltirèl yo

Dat kòmansman ak fen: 9/1/21-30/6/22

Sous Finansman: Konsèy Kiltirèl Mass

Kontak Donatè a: Diane Daily, Konsèy Kiltirèl Mass

Adrès Donatè a: 10 St. James Avenue, 3rd Fl.

Boston, MA 02116

Telefòn Donatè a: 617.858.2709

Imèl Donatè a: diane.daily@state.ma.us

Depatman ak/oswa Lekòl Prensipal BPS: Depatman Atizay Vizyèl ak Espèktak BPS

Responsab Pwogram BPS: Anthony Beatrice, Direktè Egzekitif pou Atizay

Chèf Depatman/Lidè Lekòl: Christine Landry, Direktè Jeneral Adjwen Kesyon Etid

Montan Prim Anyèl: \$185,900

Montan prim total (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$

Opsyon ki kontinye: Pa gen opsyon ki kontinye.

Kantite elèv apeprè (oswa pwofesè, anplwaye biwo santral) ki jwenn sèvis: 5,000 elèv

Lekòl/Lokal:

Boston Adult Technical Academy, Boston Arts Academy, Boston International High School, Boston Teachers Union School, Brighton High School, Dennis C. Haley Elementary School, East Boston High School, Ellis Mendell Elementary School, Ellison-Parks Early Education School, Excel High School, Gardner Pilot Academy, George H. Conley Elementary School, Harvard-Kent Elementary School, Henry Dearborn STEM Academy, John D. Philbrick Elementary School, John F. Kennedy Elementary School, John O'Bryant School of Math and Science, Joseph P. Tynan Elementary School, Josiah Quincy Elementary School, Josiah Quincy Upper School, Lee Academy, Margarita Muñiz Academy, Mario Umama K-8 School, Mather Elementary School, Mission Hill K-8 School, Nathan Hale Elementary School, New Mission High School, Orchard Gardens School, Pauline Agassiz Shaw Elementary School, Richard J. Murphy K-8 School, TechBoston Academy, Thomas J. Kenny School, Warren-Prescott Elementary School, William Blackstone Elementary School, William E. Russell Elementary School

Ki jan yo chwazi lekòl/lokal sa yo? Kominote lekòl yo te aplike pou sibvansyon yo sou sit entènèt Konsèy Kiltirèl Mass la. Konsèy Kiltirèl Mass la deside sou montan prim pou chak aplikasyon. Sa ki annapre a se pwosesis revizyon sibvansyon Konsèy Kiltirèl Mass la:

Pwosesis Revizyon Sibvansyon VEDÈT Konsèy Kiltirèl Mass

Yon fwa dat limit la pase, yo pral egzamine kankida ki kalifye yo nan fason sa a:

- Nou pral egzamine tout kandida ki kalifye nou resevwa nan dat limit sibvansyon an.
- Se evalyatè ki soti deyò ki pral bay kandida yo nòt, y ap sèvi avèk kritè evalyasyon ak ribrik ki nan lis anba a.
- Y ap finanse kandida ki fè pi gwo nòt yo an premye. Pou kandida ki fè menm nòt yo, yo pral sèvi ak yon pwosesis seleksyon sou chans pou detèmine nan lòd yo pral finanse kandida yo. Nou pral finanse lis sa a jiskaske tout fon yo distribye.

Kritè Evalyasyon ak Ribrik Nòt

Kandida ki satisfè tout kritè kalifikasyon ki te site anwo yo pral avalye dapre de kritè sa yo:

- Fò objektif aprantisaj yo.
- Pètinans aktivite ki fèt lakay yo pou reyalize objektif sa yo.

Yo pral avalye chak kritè sou yon echèl 5 pwen jan sa a vini apre a:

Kritè: Fò objektif aprantisaj yo.

1 = Fèb: Okenn nan objektif aprantisaj yo pa klè, pa enteresan oswa pa ka reyalize.

2 = Pi ba pase Mwayèn: De nan objektif aprantisaj yo nan yon sètèn nivo pa klè, pa enteresan oswa pa ka reyalize epi yo gen gwo defo.

3 = Mwayèn: Omwen de nan objektif aprantisaj yo klè, enteresan, epi ka reyalize.

4 = Pi wo pase Mwayèn: Tout objektif aprantisaj yo klè, enteresan, ka reyalize epi reprezante yon aprantisaj kreyatif ki pi wo pase mwayèn nan atizay, syans, ak/oswa syans imanità yo.

5 = Modèl: Tout objektif aprantisaj yo trè klè, trè enteresan, ka reyalize epi reprezante yon aprantisaj kreyatif modèl nan atizay, syans ak/oswa syans imanità yo.

Kritè: Pètinans aktivite ki fèt lakay yo pou reyalize objektif sa yo.

1 = Fèb: Koneksyon aktivite yo ak objektif aprantisaj yo fèb epi yo ka pa enteresan oswa pa ka reyalize.

2 = Pi ba pase Mwayèn: Aktivite yo konekte ak youn oswa de objektif aprantisaj men kèk ka pa enteresan oswa ka pa ka reyalize.

3 = Mwayèn: Aktivite yo konekte ak tout objektif aprantisaj yo epi yo klè, enteresan, epi yo ka reyalize.

4 = Pi wo pase Mwayèn: Aktivite yo konekte ak tout objektif aprantisaj yo epi yo klè, enteresan, ka reyalize, epi reprezante yon aprantisaj kreyatif ki pi wo pase mwayèn nan atizay, syans, ak/oswa syans imanità yo.

5 = Modèl: Aktivite yo konekte ak tout objektif aprantisaj yo epi yo trè klè, trè enteresan, yo ka reyalize, epi yo reprezante aprantisaj kreyatif egzanplè nan atizay, syans, ak/oswa syans imanità yo.

Patnè ekstèn kle yo (si genyen):

Deskripsyon Sibvansyon:

Rezidans VEDÈT yo (Elèv ak Pwofesè k ap travay avèk Atis, Syantifik, ak Entelektyèl) bay lekòl yo sibvansyon \$700 – \$5,500 pou sipòte rezidans aprantisaj kreyatif nan atizay, syans, ak syans imanità yo. Patnè kiltirèl yo – atis k ap anseye yo, syantifik yo, ak entelektyèl yo – travay avèk chak gwoup elèv pandan omwen twa jou oswa plis. Rezidans yo fèt pandan ane lekòl la pou ede lekòl yo bay elèv yo aprantisaj kreyatif, ni nan salklas la ni deyò.

Pou Kategori Depans Sibvansyon sa a Peye: (52907) Sèvis Kontraktiyèl

Objektif Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis ak ki gen dire (SMART an Anglè).

Objektif #1: Nan fen ane eskolè 2021-2022 la, chak rezidans lekòl pral pwodwi yon dokiman travay elèv yo pou montre pwogrè nan aprantisaj.

Endikatè: Tout 35 lekòl k ap patisipe yo ak patnè rezidans yo bay dokiman ki gen ladan egzanp travay elèv yo ak refleksyon yo soumèt bay Depatman Atizay BPS. Dokiman yo ta dwe gen nan yo fidbak elèv yo sou sa yo te aprann ak fason yo te amelyore atistikman.

Tanpri presize kijan sibvansyon sa a mache ak Angajman epi Priyorite Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri Lis yo anba a: (gade dokiman ki avèk li a – ale nan (paj 59))

Plan Estratejik OBJEKTIF FONDAMANTAL #6 BPS la: Lekòl BPS yo pral etabli patenarya avèk òganizasyon kominotè, patwon, ak òganizasyon edikasyon siperyè ki elaji aprantisaj pi lwen pase klas la epi kreye pwogram pou siksè nan kolèj ak karyè. Anplis de sa, patenarya ak òganizasyon kominotè yo ka ede lekòl yo pi byen reponn a bezwen kiltirèl epi lengwistik elèv yo ak fanmi yo. Elaji aprantisaj pi lwen pase klas la epi konekte kominote a avèk klas la.

Pousantaj elèv k ap resevwa sèvis andan lekòl nan men òganizasyon patnè yo selon kategori patenarya (Sipò Akademik ak Anrichisman; **Pwogram Atizay** ; Preparasyon pou kolèj ak karyè; Patipasyon ak sipò fanmi; Sante Fizik ak Byennèt; Byennèt Sosyal, Emosyonèl ak nan Konpòtman)

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL - BPS22663

Non sibvansyon an: FY22 FC189 Rezilta ki baze sou konpetans nan lòt lang ki pa Anglè

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: konpetitif nan Eta a

Dat kòmansman ak fen: 15/03/2022 - 30/06/2023

Sous Finansman: Eta / Federal / Prive / Lokal (Vil) sa a ta dwe wo nivo: Eta

Kontak Donatè a: **Diana Gentile**

Adrès Donatè a: Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts

75 Pleasant Street, Malden, MA 02148

Telefòn Donatè a: 781-338-3584

Imèl Donatè a: diana.gentile@mass.gov

Depatman ak/oswa Lekòl Prensipal BPS: Aprantisaj Insivèsitè ak Pwofesyonèl - Dept. Lang yo pale nan anpil peyi yo.

Responsab Pwogram BPS: Julie Caldarone

Chèf Depatman/Lidè lekòl la: Julie Caldarone

Montan Prim Anyèl: \$ 20,000

Montan Prim Total (si peryòd sibvansyon an plis pase yon ane): \$ 20,000

Opsyon ki kontinye: Non

Kantite elèv apeprè (oswa pwofesè, anplwaye biwo santral) yo sèvi: 1,000 elèv/150 pwofesè

Lokal: Lekòl Segondè BPS yo

Ki jan yo chwazi lokal sa yo? Evalyasyon Pou jwenn So Eta MA ki apwouve yon elèv konplètman bileng dwe fèt nan lokal chak lekòl segondè

Patnè ekstèn kle yo (si genyen):

Deskripsyon Sibvansyon:

1. Y ap itilize fon yo pou kolekte epi analize done pou amelyore konpetans nan lòt lang ki pa Anglè pou amelyore Pwogram Lang Mondyal, Lang Orijin ak Moun k ap Aprann Anglè yo.

- Fè Evalyasyon AVANT STAMP yo pou sèvi kòm baz pou konvèsasyon ki baze sou done
- Aplike Kad Kourikoulòm Lang yo pale nan anpil peyi 2021 MA a
- Patisipe nan Rezo Lidèchip Lang yo pale nan anpil peyi an 2022-2023

2. Sipòte edikatè yo pou yo anseye pou jwenn konpetans nan Lòt Lang ki Pa Anglè lè yo konekte estanda ki baze sou konpetans yo ak pratik ansèyman fondamantal ki dekri nan Kad Kourikoulòm 2021 Lang Mondyal Massachusetts.

- Bay devlopman pwofesyonèl ekstèn espesifik pou konpetans nan lang ki pa Anglè
- Sipòte edikatè lang mondyal ak lang orijin pou konplete seri fòmasyon sou aplikasyon kad 2021 DESE pou Lang Mondyal yo
- Ede youn oswa plizyè manm anplwaye pou vin manm Asosyasyon Lang Etranje Massachusetts (MaFLA)
- Patisipe nan Rezo Lidèchip Lang Mondyal DESE an 2021-2022

Pou kategori Depans Sibvansyon sa a Peye: Devlopman Pwofesyonèl, Frè Pwofesyonèl, Evalyasyon

Objektif Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis ak ki gen dire (SMART an Anglè).

Objektif #1: Analize done ki soti nan Evalyasyon AVANT

Endikatè: Yo pral analize done ki soti nan Evalyasyon AVANT pou detèmine nivo konpetans lang elèv yo.

Objektif #2 : Sipòte edikatè yo pou yo anseye pou jwenn konpetans nan lòt lang ki pa Anglè

Endikatè: Aplikasyon kad kourikoulòm Lang Mondyal MA lè yo bay PD ki baze sou konpetans espesifik pou ansèyman lang ki pa Anglè

Tanpri presize kijan sibvansyon sa a mache ak [Angajman epi Priyorite Vizyon Estratejik 20/25](#) distri a. Tanpri Lis yo anba a: (gade dokiman ki avèk li a – ale nan (paj 59))

Elimine diferans ki genyen nan opòtinite ak akonplisman

OBJECTIF FONDAMANTAL #1 Gradye BPS yo pral pare pou fè siksè nan kolèj, karyè, ak lavi.

1.4 Bay sipò espesifik pou elèv k ap aprann Anglè yo lè w aplike lwa LOOK la pou elaji pwogram ki ankouraje pale de/plizyè lang yo, ki gen ladan pwogram edikasyon bileng, klas bileng yo anseye kontni nan yo de lang, ak pwogram eritaj kiltirèl.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL – BPS22679

Non Sibvansyon an: Deziyasyon Pwogram Inovasyon - pwogram anyèl k ap kontinye

Estat: Nouvo

Tip sibvansyon: Ki pa konpetitif

Dat kòmansman ak fen: Mas 2022 jiska jen 2022

Sous Finansman: Eta sa a ta dwe wo nivo

Kontak Donatè a: Jennifer Gwatkin

Adrès Donatè a: Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè

Telefòn Donatè a:

Imèl Donatè a: jennifer.a.gwatkin2@state.ma.us

Depatman ak/oswa Lekòl Prensipal BPS: Dearborn STEM Academy

Responsab Pwogram BPS: [Lydia Emmons](#)

Chèf Depatman/Lidè Lekòl la: [Darlene Marciano](#)

Montan Prim Anyèl: \$ 41,250

Montan prim total (si peryòd sibvansyon plis pase yon ane): \$ 41,250

Opsyon ki kontinye: enkon

Kantite elèv apeprè (oswa pwofesè, anplwaye biwo santral) yo sèvi: 176

Lokal: Dearborn STEM Academy

Ki jan yo chwazi lokal sa yo? Yo chwazi lokal la paske li se yon lekòl segondè ki gen yon Deziyasyon pou Pwogram Inovasyon yo epi sibvansyon an se pou sipò espesifik sa a

Patnè ekstèn kle yo (si genyen):

Deskripsyon Sibvansyon: Fon yo sible ki soti nan eta a pral ede moun yo chwazi yo rezoud pwoblèm rapò ak aplikasyon pwogram nan, anrapò ak eksperyans aprantisaj ki baze sou travay ak reyalizasyon elèv yo nan kalifikasyon endistri rekonèt yo. Fon sa yo ka aplike tou pou depans ki gen rapò avèk patisipasyon elèv nan kou ki bay nòt alafwa pou lekòl segondè ak kolèj.

Pou kategori Depans Sibvansyon sa a Peye

Objektif Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis ak ki gen dire (SMART an Anglè).

Objektif #1: Yon Gwo kantite elèv pral gradye ak koneksyon karyè nan endistri yo renmen, kou nivo avanse, yon rezo pwofesyonèl ak konpetans nesèsè pou fè siksè nan endistri

Endikatè:

- Ogmante Reyalizasyon MyCap (mezire atravè Naviance)
- Ogmantasyon Sètifikasyon endistri yo anvan gradyasyon (mezi- Reyalizasyon sètifika)
- Ogmantasyon konpetans nan konpetans ki mache ak endistri yo (mezire atravè siksè akademik klas teknik)

Objektif #2 :

Endikatè :

Tanpri presize kijan sibvansyon sa a mache ak [Angajman epi Priyorite Vizyon Estratejik 20/25](#) distri a. Tanpri Lis yo anba a: (gade dokiman ki avèk li a – ale nan (paj 59))

Sibvansyon sa a pral pèmèt nou kontinye elimine diferans nan opòtinite pou elèv nou yo. Pwogram nou yo ak sipò sibvansyon sa a pral pèmèt nou ogmante aksè elèv nou yo nan kalifikasyon endistri bezwen yo, plis amelyore ak apwofondi patenarya endistri nou yo ki ede bati pwogram klè pou travay nan domèn endistri nou yo.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL - BPS22268

Non Sibvansyon: Pwogram Sèvis Manje sezon Ete: Sibvansyon Ekspansyon, Aksè, Fòmasyon ak Demaraj (SFSP EATS) pou Nouvo ak esponsò ki la deja yo.

Estat: Nouvo

Tip Sibvansyon: Dwa

Dat Kòmanse ak Fen: Dat Prim nan -30 jen 2022

Sous Finansman: Eta

Kontak Donatè a: Kristen Torres ak Sally Teixeira

75 Pleasant St, Malden, MA 02148

Telefòn: (781)-338-6453, (781) 338-6304

Imèl: kristen.torres@mass.gov, sallym.teixeira@mass.gov

Depatman ak/oswa Lekòl Prensipal BPS: Depatman Sèvis Manje ak Nitrisyon

Responsab Pwogram BPS: Kelly Thompson, Responsab Nitrisyon, KThompson4@bostonpublicschools.org

Chèf Depatman/Lidè Lekòl la: Deborah Ventricelli, Direktè Egzekitif Enterimè Manje ak Nitrisyon, dventricelli@bostonpublicschools.org

Montan Prim Anyèl: \$36,500

Montan prim total (si peryòd sibvansyon plis pase yon ane): \$ N/A

Opsyon ki kontinye: Non

Kantite elèv aperyè (oswa pwofesè, anplwaye biwo santral) yo sèvi: Yo preva bay 205,000 repa sou baz done sezon ete 2021 yo. Tout timoun 18 ane oswa pi piti yo kalifye.

Lokal: nan tout distri a

Patnè ekstèn kle: Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè, Project Bread, Sant Boston pou Jèn ak Fanmi yo, Otorite Lojman Boston, Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon MA, Gwoup legliz endepandan ak òganizasyon k ap sèvi jèn yo, Biwo Pou jwenn Manje Majistra a.

Deskripsyon Sibvansyon an

Objektif sibvansyon eta a se ankouraje nouvo ak esponsò Pwogram Sèvis Manje sezon ete ki la deja yo (SFSP) pou ogmante patisipasyon yo nan pwogram nan lè yo sèvi plis timoun chak jou, pwolonje dire SFSP a, epi kreye nouvo lokal. Kreyasyon nouvo lokal pral ogmante disponiblite pwogram nan pou patisipan ki pa resevwa sèvis pwogram nan aktyèlman. **Pou kategori Depans**

Sibvansyon sa a Peye

~33% pral ale nan founiti ak materyèl

~66% pral ale nan maketing, piblisite, ak materyèl pwomosyon

Kapab chanje selon montan Prim nan

Sibvansyon sa a pral finanse reklam tankou Bulletin Newspaper ak anons Boston Globe, sa ki pral vann pwogram manje sezon ete Boston nan epitou l ap bay enfòmasyon sou lokal sèvis yo, dat ak lè manje yo. Estasyon radyo La Mega pral pase anons pou manje sezon ete Boston yo tou. Lajan yo pral sèvi tou nan achte mayo, bagèt, ak lòt bagay pou ede fè pwomosyon pwogram manje a. Sibvansyon sa a pral finanse tou acha frijidè/frizè ak ti tèmomèt piti pou asire yo resevwa, estoke ak sèvi manje yo san danje.

Objektif Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis ak ki gen dire (SMART an Anglè).

Objektif #1 : Total manje yo sèvi nan pwogram manje ete a ogmante de 5% lè yo konpare ak done SY19 yo. Sa a ta reprezante apeprè 14,100 manje anplis ki sèvi nan SFSP SY19. Tout timoun 0-18 ane kalifye pou resevwa manje maten ak manje midi nan lokal pou manje ete yo. Nan SFSP SY19 te gen apeprè 127 lokal pou manje.

Endikatè : Kantite total repa yo reklame nan pwogram manje sezon ete a.

Tanpri presize kijan sibvansyon sa a mache ak [Angajman epi Priyorite Vizyon Estratejik 20/25](#) distri a . Tanpri Lis yo anba a: (gade dokiman ki avèk li a – ale nan (paj 59))

#4 Ogmante Opòtinite (Finansman ki jis ak ekitab epi anviwònman ki akeyan): Lajan sibvansyon yo pral itilize pou ogmante posibilite pou jwenn manje pandan sezon ete nan tout distri a.

FÒMILÈ AKSEPTASYON KOMITE LEKÒL – BPS22628

Non sibvansyon an: Lèt Pwogram Edikasyon pou Elèv k ap Aprann Anglè Boston FY2022 FC187

Estat: Nouvo

Tip sibvansyon: Konpetitif

Dat kòmansman ak fen: Janvyè - Jen 2022

Sous Finansman: **Eta a** sa a ta dwe wo nivo

Kontak Donatè a: Non kontak la: Diana Gentile
Adrès: Sant pou Patenarya Lekòl ak Distri a (CSDP) Biwo Akizisyon Lang
Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts
75 Pleasant Street, Malden, MA 02148
Telefòn: 781-338-3584
Imèl: diana.gentile@mass.gov

Depatman ak/oswa Lekòl Prensipal BPS: Pwogram Fòmasyon Pwofesè BPS, Biwo Rekritman, Kilti ak Divèsite, Depatman Ekite, Estrateji ak Diferans nan Opòtinite.

Responsab Pwogram BPS: Dr Abdi Ali, Direktè Prinsipal, Pwogram Fòmasyon Pwofesè BPS

Chèf Depatman/Lidè Lekòl la: Ceronne Daly, Direktè jeneral, Biwo Rekritman, Kilti ak Divèsite

Montan Prim Anyèl: \$600,000

Montan prim total (si peryòd sibvansyon plis pase yon ane):

Opsyon ki kontinye: Y ap gen pou demine 1

Kantite elèv apeprè (oswa pwofesè, anplwaye biwo santral) yo sèvi: kilti 45 edikatè bileng ki gen lisans, ki resevwa fòmasyon ak apwobasyon Edikasyon Bileng.

Lokal: Nan tout distri a

Patnè ekstèn kle: MIT Teaching Systems Lab & Lesley University

Deskripsyon Sibvansyon an

Lèt Pwogram Edikasyon pou Elèv k ap Aprann Anglè yo sipòte priyorite estratejik BPS pou divèsifye Pèsonèl ansèyman an ak Inisyativ Biwo Elèv k ap Aprann Anglè yo2: *Sipòte edikatè ki gen konpetans nan lang natif natal nan pwogram sa yo jwenn sètifika nan edikasyon bileng ak espesyal ki pral kapap travay nan pwogram lang natif natal k ap devlope nan lekòl yo ak nan katye nou yo (Pryorite 1a).*

Pou kategori Depans Sibvansyon sa a Peyè

Tanpri deskri pi gwo bagay sibvansyon sa a pral peye pou yo.

Yo atribye ~15.58% pou salè anplwaye k ap anseye/ pwofesyonèl yo

~4.20% pou Avantaj sosyal

~23.63% pral itilize kòm alokasyon pou enstriktè ASL, MTEL, RETELL ak enstriktè lang espesifik yo, ak anplwaye sipò (pòtfolyo, metòd rekritman ak kontni)

~5.83% pral itilize pou kontra sou konsepsyon platfòm ASL ak Devlopman Ed pwofesyonèl bileng

~47.44% pral itilize pou founiti ak materyèl, ki gen ladan tèks ak materyèl

~2.73% depans endirèk

Objektif Espesifik, Mezirab, Reyalizab, Reyalis ak ki gen dire (SMART an Anglè).

Tanpri detaye jiska 3 Objektif SMART ak Endikatè pou sibvansyon sa a. Chak Objektif ta dwe genyen yon rezilta sibvansyon ki konsantre sou elèv, ki ka mezire. Chak Endikatè ta dwe dekri zouti ou pral itilize pou mezire pwogrè nan objektif la.

Pwogram Fòmasyon Pwofesè BPS la pral travay pou reyalize rezilta pou *prepare chak ane 45 kandida presèvis ki pale de/plis lang pou klas Lang Mondyal Orijin, klas bileng yo anseye kontni yo nan de lang ak klas SEI.*

Objektif #1: Apati 1ye jen 2022, omwen 60 kandida pral aplike nan pwogram preparasyon pwofesè presèvis Edikasyon Bileng/Kominote Akselere a Pwofesè (BE/ACTT) ladan yo, yo pral chwazi 45 nan pwogram presèvis nou an, BE/ACTT ;

Endikatè: # aplikasyon nou resevwa sou TalentEd partal; 80% nan kowòt nou yo se divès kandida BIPOC; 70% se asistan ak ranplasan

Objektif #2 : Nan mwa jen 2023, 45 asistan ak moun k ap chanje karyè yo pral jwenn lisans Edikatè Bileng k ap sèvi apeprè 900 elèv ak fanmi chak ane aprè yo fin jwenn lisans 2 zan nan pwogram nou an, ki gen ladann Pwogram Preparasyon Pwofesè BPS la.

Endikatè: 100% kandida yo pral genyen alafwa apwobasyon Edikatè SEI ak Bileng epi yo pral aksepte yo nan Pwogram Preparasyon Pwofesè BPS la pou jwenn Sètifikasyon Edikasyon Bileng nan Edikasyon Espesyal anvan jen 2024.

Tanpri presize kijan sibvansyon sa a mache ak Angajman epi Priyorite Vizyon Estratejik 20/25 distri a. Tanpri Lis yo anba a: (gade dokiman ki avèk li a – ale nan (paj 59))

Sant Edikasyon Bileng nan Lekòl Piblik Boston yo reprezante yon kolaborasyon ki gen plizyè aspè ant Biwo Elèv k ap Aprann Anglè yo, ak Pwogram Fòmasyon Pwofesè BPS yo nan Biwo Rekritman an, Kilti ak Divèsite. Inisyativ BE hub la abòde dirèkteman priyorite estratejik Direktè Jeneral Brenda Cassellius: *1.2 Anplwaye epi kenbe yon mendèv ki reflete divèsite ras/etnik epi lengwistik elèv ak fanmi n ap sèvi yo.* Pwogram Fòmasyon Pwofesè BPS pran angajman pou sipòte BPS nan priyorite estratejik distri a lè li fè rezilta rekritman ak kilti li yo mache ak inisyativ kle Biwo Elèv k ap aprann Anglè yo:

- *Inisyativ 1:* Egzamine kapasite langaj edikatè yo dabò nan chak lekòl ki gen Pwogram Espesifik Ansèyman Lang ki fèt an Anglè sèlman epi answit nan tout pwogram SEI plizyè lang yo nan distri a pou konstwi rezèv pwofesè ki bileng ak ki ka li epi ekri de lang.
- *Inisyativ 6:* Devlope materyèl kourikoulòm lang natif natal ak resous pou elèv ki gen plizyè lang ki andikape ak ki pa andikape, kòmmanse ak materyèl ki nesèsè pou pwogram ki konsantre sou lang nou ofri SEI lang espesifik pou yo aktyèlman yo oswa pwogram bileng yo anseye kontni yo nan de lang (egzanp, Espanyòl, Kreyòl ayisyen; Vyetnamyen; Cabo Verdean; Lang Siy Ameriken). (Pryorite 1c)

Anfen, si yo te bay sibvansyon sa a plizyè lokal, tanpri presize kijan yo te chwazi lokal sa yo pou resevwa fon yo.

NA